

## IKAISYO

### ORGANISASI PARA "ISTRI" LAN "SUAMI SAYANG ISTRY"



I katan Istri Senirupawan Yogyakarta, iku kang dikarepane cekakan IKAI SYO. Nanging satemene kang gabung ing organisasi iku ora ngemungake para "istri" wae. Senirupawati alias perupa wanita lan malah sing unik, bapak-bapak kang minangka senirupawane uga melu gabung. Purwadadi Admadipura, pelukis lan uga wartawan, ing buku PEREMPUAN DI SEBALIK WARNA DAN GARIS ngarani yen Ikaisyo iku organisasi para istri yang selalu dibayang-bayangi para suami. Istri arisan, suami gawe lingkaran dhewe ngobrol-ngolor-ngidul.

Pelukis Aming Prayitno kang tanah ngeterake garwane (kang saiki wis swargi) ana ing patemon Ikaisyo kaya kang kasebut jroning buku ing dhuwur, kang diterbitake kango maharya Pameran Seni Rupa Ikaisyo Tahun 2000 ngandharake yen ana sing minder utawa blereng arep mlebu Ikaisyo, sawise ana jero ora bakal minder utawa blereng maneh. Ing kene bakal dumadi "dialog" kang isine padha-padha ngoncori. "Takwaspadake, saben-saben ngumpul, saya suwe karya-karyane dadi saya apik!"

Gambar dhuwur: Ibu Bathara Loebis, Ibu Djoko Pekik lan Ibu Gambiranom, warga Ikaisyo angkatan sepuh.

Dene gambar ngisor: Patemon ajeg saben wulan, akrab luwe lan sumadulur.

(Foto: Indri/DL)

iku komentare Aming.

Mbokmenawa iku salah sijine manfaat kang dipethik saka Ikaisyo, yaiku "saling bakar semangat untuk berkarya". Mula luwih trep yen Ikaisyo disebut organisasi keluarga senirupawan. Organisasi kang ajeg ngadani patemon sesasi sepisan iki dadi ajang forum silaturahmi keluarga besar komunitas seni rupa ing Yogyakarta, senajan durung kabeh senirupawan ing kutha gedheg iki gelem gabung ing kene. Rumakete paseduluran antarane keluarga senirupawan siji lan sijine diajab bakal nyengkuyung kreativitas para senirupawan engga ngasilake karya-karya kang "berkualitas" kang tlonjone bakal gawe majune jagad seni rupa, mligine ing Yogyakarta, sumrambahe ing Indonesia.

Jroning buku iku uga ditulis sejarah madege Ikaisyo. Miturut pelukis "satu milyar" Djoko Pekik, gagasan madege Ikaisyo iki muncul nalika pelukis Bathara Loebis nganakke hajadan nyupitake putrane, 14 Agustus 1982. Saelingi Ny. Bathara Loebis, wektu iku kang ngumpul Ny. Widayat,

Kasambung kaca 39



## IKAISYO....

Sambunge kaca 33

Ny. Amri Yahya lan Pak Amri, Ny. Wardoto, Ny. Damas, Ny. Djoko Pekik, padha ngrancang nganakake arisan. Sedina sawise iku Bagong Kussudiardjo lan Ibu uga rawuh mrono lan nalika dikandhani yen rencana arisan, kekarone setuju banget. Ny. Maryati Affandi uga nyengkuyung gagasan iku.

Ny. Bagong Kussudiardjo ketiban sampur sepisanan mimpin organisasi iki. Arisan mung minangka srana anggone ngumpul, ananging kang luwih penting anggone bisa ketemu, kabar-kinabaran, tukar-pikiran. Ikaisyo dadi "omah" keluarga besar senirupawan Yogyakarta, papan kanggo tukar kawruh, sih-kinasihan. Kanthi anane forum iki yen ana anggota kang lagi nemahi nadhang lara dadi padha ngeriti lan banjur padha tilik. Ing kene rasa paseduluran iku dadi saya kenthel. Papan patemon giliran ana da-leme para anggota. Sawise Ny. Bagong, ketua Ikaisyo diganti secara dhemokratis, yaiku Ny. Widayat, Ny. Amri Yahya, N. Saptoto, Ny. Sudarso Sp, Ny. Edhi Sunarso, lan wektu iki dilenggahi Ny. Dyan Anggraini Hutomo.

Kajaba arisan, Ikaisyo asring ngadani kegiatan sosial lan uga pameran seni rupa. Minangka organisasi sosial kekeluargaan, Ikaisyo ora ngetrepake persyaratan kang ketat marang calon anggota. Ora perlu nganggo Anggaran Dasar/Anggaran Rumah Tangga (AD-ART) mundhak malah marahi kaku.

"Yen arep melu gabung ya melu wae!" ngono kandhane Ny. Bathara Loebis, mengkono pethikan saka buku kang ditulis lan diedhit dening Purwadadi kasebut.

Ny. Nasjah Djamin ing kono uga nuturake yen dheweke rumangsa seneng mlebu paguyuban iki jalaran kerukunane kenthel banget. Yen ana warga kang lara padha ditiliki, yen ana sing kurang mampu padha dibantu. Ora ana rasa meri utawa blereng yen

ana kanca pelukis kang luwih seja, lagi moncer. Ny. Nasjah Djamin malah ngaku seneng yen ana kanca pelukis kang seja bisa cepet kondhang utawa dadi.

### Ora Mung Waton Ngumpul

Ketua IKAISSYO Dyan Anggraini Hutomo kang wektu iki ngasta pinangka Kepala Taman Budaya Yogyakarta, marang DL nuturake yen organisasi kang dipimpin piyambake iki ora mung kumpul waton ngumpul, nanging duwe ancas bebarengan nyengkuyung, menehi spirit marang para kakunge supaya terus "berkaraya", nyiptakake swasana kang "kon-



Dyan Anggraini Hutomo. Ketua Ikaisyo. (Foto: Indri/DL)

dusif" kanggo proses kreatife para kakunge. Para "istri" iki duwe keyakinan utawa pikiran yen kebutuhan iki uga kanggo kepentingane dheweke kabeh, supaya bisa tansah saling mangerten lan "mendialogkan" karya.

"Ikaisyo ora mbutuhake AD-ART jalaran aturan-aturan ing AD-ART iku ora dadi pengiket, nanging justru malah dadi ora nyaman merga sifate silaturahmi!" mangkono ditandheske dening Dyan kang uga pelukis wanita iki. Bab iki jumbuh kaya kang dikandhakke Ny. Bathara Loebis ing dhuwur.

Taun 2006 iki Ikaisyo wis umur 24 taun. Dyan lan kanca-kanca ing organisasi iki kepengin ana tipak kang ditinggalke Ikaisyo kanthi sawijining

"tandha", yaiku buku kang ngandharake kiprahe Ikaisyo kang nduweni peran jroning donyane Seni Rupa ing Yogyakarta. Rencanane buku iki bakal ditulis Prof. Soedarso Sp. Kajaba iku rencanane ing wulan Agustus 2006 iki uga bakal nggelar pameran Seni Rupa ing Taman Budaya Yogyakarta.

### Ana Sing Ora Gelem Gabung

Melu paguyuban kang sifate sosial iku akeh kang ngakoni yen gedhe manfaate. Sifat kegotongroyongan ing paguyuban iku duwe ancas kang mulya, yaiku sikep tolong menolong lan bantu-binantu. Kang uripe wis mapan sacara ekonomi bisa mbantu anggota kang kepener uripe lagi rekasa. Semono uga kang dumadi ana ing Ikaisyo iki. Urip minangka seniman, njagakke pametu saka asile kesenian iku kadhang sok ora ajeg. Kamangka seniman iku kadhang nengenake idealisme engga sok nglirwakake kahanan ekonomi. Kanthi kumpul-kumpul melu paguyuban, diangkah karire bisa luwih apik tinimbang yen mlaku dhewe.

Ewasemono tetep ana seniman kang ora gelem gabung sawijining paguyuban. Alasane merga emoh kaiket lan alasan-alasan liyane. Nanging miturut anggi Minarni, kaya kang diwebutake ing buku tulisane Purwadadi ing dhuwur, kultur utawa budaya ing masarakat kita iki kabeh iku sedulur. Kanyatan ora kabeh seniman iku "dadi" secara ekonomi, yen ana kumpulan kang sifate temen-temen kekeluargaan, otomatis bakal ngatonake rasa paseduluran. Senajan dhukungan iku ora kudu sacara finansial, mung dhukungan moril, nanging iku wis menehi semangat kanggo tetep makarya. Beda maneh kang dikandhakake Mella Jaarsma saka Galeri Cemeti. Senirupawati warga Belanda iku rumangsa aneh dene ana paguyuban para istri dadi kaya Dharma Wanita. Dheweke duwe panemu yen paguyuban mau luwih trep dijenengi Ikatan Keluarga Seniman, iku luwih menarik.

(Indri Ar./DL)